

DEKLARASYON KALIFIKASYON

Konplete tablo sa. Repons ou bay nan tablo sa a fakiltatif e yo pa pral afekte kalifikasyon w pou SFMNP a. Estanda pou kalifikasyon ak patisipasyon nan SFMNP a se menm bagay pou tout moun kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks li.

Etnisite (chwazi wi oswa non) Ispanik oswa Latino		Ras (Chwazi youn oswa plis)				
Wi	Non	Ameriken Alasken Endyen oswa Alasken Natif Natal	Azyatik	Nwa oswa Ameriken Afriken	Awayen Natif Natal oswa Islandè Pasifik	Blan

Mwen sètifye ke:

- I. Mwe gen :
 - a. 60 lane oswa plis; E
 - b. Revni mansyèl mwen egal oswa pi ba pase direktiv revni federal yo pou lakay mwen ki dekri nan Memorandòm Règleman SFMNP #2023-1 an.
 - i. \$2,248/mwa (pou yon kay ki gen yon sèl moun); Oswa
 - ii. \$3,041/mwa (pou yon kay ki gen de moun); Oswa
 - iii. \$3,833/mwa (pou yon kay ki gen twa moun).
- II. Mwen pa t resevwa chèk SFMNP nan okenn lòt kote ane sa a.
- III. Yo te fè m konnen dwa m ak devwa m selon lwa SFMNP yo. Mwen konprann ke mwen ka fè apèl kont nenpòt desizyon ajans lokal la pran konsènan kalifikasyon m pou SFMNP a.
- IV. Enfòmasyon mwen te bay pou detèmine kalifikasyon m nan kòrèk, dapre tout sa m konnen. Fòm sètifikasyon sa a ap soumèt an rapò avèk resi asistans Federal la. Ofisyèl pwogram yo ka verifye enfòmasyon ki nan fòm sa a. Mwen konprann ke si m fè yon deklarasyon ki fo entansyonèlman oswa si m fè yon deklarasyon pou twonpe oswa si m defòme, kache, oswa kenbe enfòmasyon entansyonèlman, sa ka lakòz mwen peye ajans Eta a ak lajan kach valè avantaj manje yo te ban mwen yon fason ki pa kòrèk epi yo ka pouswiv mwen lajistis nan yon pwosè sivil oswa kriminèl dapre Lwa Eta ak Lwa Federal.

Siyati (Patisipan)

Dat

****Internal Use Only****

Booklet Serial Number: _____ Program/Agency Name: _____ Site ID: _____

Program/Agency Representative's Name (Issuer): _____

Pwosesis Plent: Vyolasyon Dwa Sivil

Dapre lwa dwa sivil Federal ak règleman e politik dwa sivil Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), USDA a, Ajans li yo, biwo l yo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap administre oswa patisipe nan pwogram USDA yo entèdi pou yo fè diskriminasyon akòz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa pou règleman kont oswa vanjans paske yon moun te patisipe nan aktivite dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA te fè oswa l te finanse.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (eg. Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans lan (nan Eta oswa nan lokalite) kote yo te aplike a pou avantaj yo. Moun ki soud, ki tande di oswa ki gen andikap ki fè yo paka pale ka kontakte USDA atravè Federal Relay Service la nan (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram yo ka disponib nan lòt lang apre anglè.

Pou pote yon plent kont diskriminasyon nan pwogram yo, ranpli [Pwogram USDA kont Diskriminasyon Fòm pou Plent](#), (AD-3027) ou jwenn sou Entènèt nan: <https://www.usda.gov/oascr/how-to-file-a-program-discrimination-complaint>, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt ki adrese a USDA epi bay tout enfòmasyon yo mande nan fòm lan nan lèt la. Pou mande yon kopi fòm pou plent lan, rele nan (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt la bay USDA nan:

- (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
- (2) faks: (202) 690-7442; oswa
- (3) imel: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a bay tout moun menm opòtinite.